

ATANSYON

FIMÈ, ANSYEN FIMÈ AK SIVIVAN FIMÈ FLORID YO DWE **ENSKRI ANVAN 16 JEN 2008** POU YO KAPAB KALIFYE POU YO RESEVWA YON FON AN FIDEYIKOMI KI VO APEPRÈ 600 MILYON DOLA

I. ISTWA

Rekou kolektif Engle te depoze an 1994 e li te pote plent kont endistri taba an Jiyè 1998. *Howard A. Engle, M.D., et al., (Pleyan) v. R.J. Reynolds Tobacco Company, Philip Morris, Inc., Brown & Williamson Tobacco Corp., individually and as successor to American Tobacco Co., Lorillard Tobacco Co., Lorillard, Inc., Liggett Group, Inc., Brooke Group Holdings, Inc. f/k/a Brooke Group, Ltd., Inc., Council for Tobacco Research U.S.A. and Tobacco Institute* (Defandè), Pwosè Nimewo 94-08273 CA (22) Tribinal Sikui Dade County. Piblikasyon sa a konsène yon fon lajan ki apa e ki pa gen parèy li ki gen plis pase ladann («Fon fidisyè Engle» a) yo te kreye pou rekou kolektif la grasa Susan e Stanley Rosenblatt, avoka reku kolektif la.

II. MANM KLAS ENGLE KALIFYE YO SE MANM KI ELIJIB POU RESEVWA YON PATI NAN FON AN FIDEYIKOMI AN

Ou kapab kalifye pou resevwa lajan nan Fon fidisyè Engle si ou (oswa moun ou genyen ki mouri) te souffri, ap souffri kounye a, oswa te mouri nan maladi ak kondisyon medikal (ki nan lis anba a) akòz akoutimans nan sigarèt ki genyen nikotin. Maladi a oswa kondisyon medikal la dwe te dyagnostike dabò oswa manifeste poukont li nan dat 21 novanm 1996 oswa avan dat sa a. **OU DWE ENSKRI ANVAN 16 JEN 2008 POU W KAPAB ELIJIB POU RESEVWA YON PATI NAN FON FIDISYÈ ENGLE .** W ap genyen obligasyon pou soumèt dokiman **prezan epi ki kapab verifye** pou sipòte reklamasyon ou. W ap genyen obligasyon tou pou soumèt reklamasyon ou anba sanksyon pou fo temwayaj.

anevrism awòt
kansè nan blad pipi
maladi serebwo-vaskilè (avèk estwòk tou)
kansè nan matris
bwonkopnemopati kwonik obstriktif – COPD (avèk anfizèm tou)
maladi kwonaryen (avèk tou maladi kadyo-vaskilè, atè ki vin di, atewosklewoz, maladi atè kwonaryen ak

ateryolosklewoz,
anjin pwatrin, kayo san ki pa nòm, domaj nan veso sangen, enfaktis myokad (atak kadyak))
kansè nan ezofaj (gòj)
kansè ren
kansè larenks (gòj oswa bwat vwa)

kansè poumon (avèk tou adenokasinòm, kasinòm gwo selil, kasinòm ti selil, kasinòm malfijyen)
konplikasyon gwosès (foskouch)
kansè nan kavite oral/lang
kansè pankreyas
akwosendwom (avèk maladi Buerger tou)
kansè nan farenks
kansè lestomak

III. MANM KLAS ENGLE KALIFYE YO DWE ENSKRI NON YO ANVAN 16 JEN 2008 POU YO KAPAB ELIJIB POU RESEWVA YON PATI LAJAN FON AN FIDEYIKOMI

Nan odisyon 15 avril 2008 la, Tribinal la te fikse yon orè pou alokasyon ak distribisyon Fon fidisyè Engle. Manm klas Engle kalifye yo DWE enskri non yo pa lapòs oswa sou Entènèt anvan 16 jen 2008 pou yo kapab elijib pou resevwa yon pati Fon fidisyè Engle . Anrejistreman an pa garanti ou kalifye pou resevwa yon pati nan Fon fidisyè Engle .

Moun ki te resevwa yon kopi Avi sa a pa lapòs ta dwe resevwa tou yon kopi Fòmilè Anrejistreman an epitou yo dwe soumèt fòmilè a anvan 16 jen 2008, ki se dat limit lan. Pou jwenn yon lòt Fòmilè Anrejistreman, si sa nesèsè, kontakte Administratè Reklamasyon an gratis nan nimewo 1 (888) 420-1666; voye imèl ba EngleTrustFund@gardencitygroup.com; voye demand ou alekri nan Engle Trust Fund, c/o The Garden City Group, Inc., P.O. Box 013241, Miami, FL 33101; oswa ale nan sit wèb www.EngleTrustFund.com pou transfere yon kopi Fòmilè Anrejistreman an nan òdinatè ou. Sinon, manm klas la kapab soumèt Fòmilè Anrejistreman yo sou Entènèt nan sit wèb www.EngleTrustFund.com anvan minwi nan dat 16 jen 2008.

Administratè Reklamasyon an ap voye lèt pa lapòs pou fè konnen li resevwa chak Fòmilè Anrejistreman. Lèt yo ap mande ak idantifye tout enfòmasyon adisyonèl ak dokiman administratif ki nesèsè pou detèmine si ou kalifye pou resevwa yon pati nan Fon fidisyè Engle . Lèt la ap bay tou enfòmasyon espesifik konsènan dat limit yo. Dokiman administratif manm klas la dwe soumèt ba Administratè Reklamasyon yo anvan 1ye out 2008. Distribisyon Administratè Reklamasyon yo dwe fèt san patipri sou baz chak fimè.

IV. ÈSKE MWEN DWE ANBOCHE YON AVOKA POU SA?

Ou kapab anboche avoka, avèk lajan ou, pou reprezante enterè ou anrapò ak alokasyon ak distribisyon lajan Fon fidisyè Engle oswa Fideyi-komisè Tribinal la lonmen ap detèmine kouman enterè ou ap reprezante. **Si ou genyen yon avoka ki reprezante ou (oswa moun ou ki mouri) konsènan yon reklamasyon pou tabak, tanpri konsilte avoka ou konsènan avi sa a ak dat limit anrejistreman non ou ak reklamasyon ou.**

V. POU JWENN ASISTANS AK ENFÒMASYON ADISYONÈL

Ou pa bezwen telefòne ni ekri Tribinal la, Fideyi-komisè a, oswa Grefye Tribinal la pou jwenn lòt enfòmasyon. Nenpòt rechèch oswa kesyon ou genyen konsènan Avi sa a oswa pwosesis distribisyon ak alokasyon an ta dwe adrese dirèkteman ba Administratè Reklamasyon yo depi ou rele gratis nan nimewo 1 (888) 420-1666; nan imèl ba EngleTrustFund@gardencitygroup.com; oswa depi ou voye yon demand alekri ba Fund Engle Trust Fund, c/o The Garden City Group, Inc., P.O. Box 013241, Miami, FL 33101.

FÈ ak ÒDONE 18yèm jou avril 2008

/s/
David C. Miller
Jij Tribinal Itineran